

Jesu Mupenyu



Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu mupenyu. Jobho 19:25

Mako 16:1 - *Kumuka kuvakafa*

Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharena, Maria mai vaJakobho, naSarome vakatenga zvinonhuwira kuti vagondozodza mutumbi waJesu.

Mateo 27:65-66

65 Pirato akapindura akati, “Torai, varindi. Endai, mundochengetedza guva iroro semaziviro enyu.”

66 Saka vakaenda vakandoita kuti richengetedzwe nokuisa chisimbiso pabwe, uye nokuisa varindi.

Mateo 28:1-10

Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe Maria vakaenda kundoona guva. 2 Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguwo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4 Varindi vakamutya kwazvo zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6 Haapo pano; amuka sokutaura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete. 7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake. 9 Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo Jesu akati kwavari, “Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”

I Know that My Redeemer Lives

Samuel Medley

**I know that my Redeemer lives;
What comfort this sweet sentence gives!
He lives, He lives, who once was dead;
He lives, my ever living Head.**

**He lives triumphant from the grave,
He lives eternally to save,
He lives all glorious in the sky,
He lives exalted there on high.**

**He lives to bless me with His love,
He lives to plead for me above,
He lives my hungry soul to feed,
He lives to help in time of need.**

**He lives, all glory to His name!
He lives, my Jesus, still the same.
Oh, the sweet joy this sentence gives,
“I know that my Redeemer lives!”**

(Verengawo Marko 16:1-13, Ruka 24:1-12, Johani 20:1-18)

Kutarisisa: Kumuka kuvakafa

- 1. Nemhaka yei vakadzi vakaenda kubwiro raJesu?**
- 2. Ko ndiani akakungurusa ibwe kubva pabwiro?**
- 3. Ko Bhaibheri rinotsangudza mutumwa uyu sei?**
- 4. Ko varindi vebwiro vakaita sei pavakaona mutumwa?**
- 5. Ko mutumwa akanyaradza vakadzi sei?**
- 6. Ko mutumwa aiva neshoko rokuti kudini?**
- 7. Ko akataurira vakadzi kuti vaitei?**
- 8. Apo Jesu akazviratidza kwavari panzira, vakadzi vakaitei?**
- 9. Ko vakadzi ava vakanzwa sei apo vakaona Jesu?**
- 10. Ko tingawanawo sei mufaro waiva navakadzi ava pamusi wokumuka kwaKristu?**